

SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

YON TAS CHOKOLA ONWA POU MAK
MANIGA

Ak: Jan Mapou

Salitasyon ak remèsiman pou nou tout ki reponn prezan pou yon moman refleksyon sou yon pwofesè, yon ekriyen-powèt, yon espesyalis nan lang kreyòl peyi nou an. Yon lòt Koukouy tenyen. Anpil nan nou rele li: Pwofesè Maniga. Fanatik ak elèv li yo ba li tinon “Papi Maks”. Maks pa Lesli. Li pa janm nan kozman politik Palè Nasyonal. Politik pa li se Edikasyon. Se ak plezi li pataje konesans li ak jenn yo. Kòm manm enskri epi Jeran responsab Sosyete Koukouy Nouyòk, li te toujou anndan vant tout aktivite kiltirèl Koukouy yo te konn òganize nan ane 80 yo.

Maks Maniga, kòmansè karyè edikatè li nan Collège Saint-Pierre de Port-au-Prince (1961-1964), Nan demann manman Lafrik te fè nan ane 60 yo pou vin kore peyi ki te fenk rache endepandans yo nan men Lewòp, Maks ale pote sipò li nan *Kenge*, *Butembo* ak *Bukavu* (République Démocratique du Congo) 1964-1969, Lè kontra li te fini, li ateri Nouyòk; epi pandan 23 ane, li anseye nan *City College*, *Nouyòk* (1971-1994). Maks Maniga se premye pwofesè ayisyen ki anseye Lang Kreyòl Ayisyen an nan Nouyòk. Jounen jodi a gen 27 inivèsite nan Mond lan k ap etidye lang ladoudous sa a. Nan Nouyòk Lang Kreyòl la se te prensipal lang rezistans pèp la kont diktati Divalye yo. Manifestasyon pasipala, pwodiksyon atistik gaye toupato anfen, Miami ak Nouyòk se te de pi gwo pilye fwaye rezistans kominote ayisyen an. Se nan epòk sa a tou litiji Liberasyon an pèse ak Jèn Pè nan Legliz Katolik la tankou: Pè Antoine Adrien, Pè Urfie, ak Revi SEL Manno Charlemagne, Anayika, Farah Juste, Sosyete Koukouy, Miriam Dorisme, Atis Endepandan, Kiki Wainwright, Yolande Thomas, Deita ak tandò ankò. E se nan bèl anyans entelekyèl sa a, mwen rekwa ak Maks Maniga nan Asosyasyon Ekriyen Ayisyen Aletranje Pòl Larak ak frè li Frank te kreye nan Nouyòk. Premye fwa nou kwaze se an Ayiti nan yon Kan Nasyonal pou Gid ak Scout nan tout peyi a. Maks te jeneral an Chèf Scout D’ Haiti.

Maks se yon pasyone lang kreyòl la. Rechèch li yo an majorite chita sou konparezon lang kreyòl ayisyen an ak lang afriken yo. Poliglòt nan dyalèk afriken yo, epi espesyalis nan domèn lengwistik, Maks bibliye yo tralye atik nan “Haiti an Marche” seksyon “tigout pa tigout” yon espas kote Sosyete Koukouy okipe depi kreyasyon jounal la ak *Marcus Garcia* ak *Elsie Etheart*. pibliye atik-rechèch sou lang kreyòl ayisyen an depi kreyasyon jounal la an 1987. Se Maks ki fè nou fè lakonesans ak Dyalèk tankou Swahili, lang popilè nan pati Es kontinan Afriken an, kote sou 1 bilyon Afriken, plis pase 100 milyon pale lang sa a. Swahili se 4èm lang yo pale an Afrik. Maks te metrize lang sa a opwen li bibliye nan jounal la divès atik konparezon leksikal ak lang kreyòl ayisyen an. Lang Swahili sa a ki pote non Kiswahili tou se lang ofisyèl Tanzani, Kenya ak Uganda. Li konpare tou Hausa ki lang ofisyèl Nijerya ki se 5èm lang yo pi pale nan pati Lwès Afrik la. Plis pase 25 milyon Afriken konsidere Hausa a kòm premye lang yo ; 2èm lang pou plis pase 50 milyon Afriken.

Maks te pran plezi chak fwa li rankontre Moriso Lewa, yo tonbe pale Swahili osnon Yoruba oswa Fula lang Senegalè yo. Moriso Lewa te youn nan pwofesè sa yo ki reponn prezan pou t al ede frè ak sè nou yo an Afrik ki te fenk pran endepandans yo. Maks pa t fouti ka konprann kijan yon ekip ayisyen deklare Owi yo pa ka ekri osnon pale Kreyòl. Menm Papadòk swadizan etnològ-sosyològ nan yon diskou li t ap fè nan kwen ri Kapwa ak Riyel Wa , deklare “mwen pa pale Kreyòl”. Kidonk, kèk Ayisyen ki ta sansè lidè pèp la tonbe nan fè mawonaj ak pwòp lang yo, ak pwòp kilti yo. Ak pwòp idantite yo.

An 2007. Nou te tonbe malad. Maks an bon koukouy ak kolaborasyon ak *Jacques Garçon* pa te ezite yon minit pou yo te kenbe paj kreyòl la nan jounal *Haiti en marche*. Se la Maks komansè bibliye travay li yo sou lang Kreyòl Ayisyen an ak Lang Afriken yo.

Maks, yon sitwayen serye. Onèt. Konpetan. Emab, respètab... li toujou dispoze pou li ede lòt ekriyen k ap boujonnen... li fyè pou li ekri e pale nan dyalèk kreyòl ki soti nan zòn nò peyi a. Dayè nan ane 2006 li pibliye *Mots Créoles du Nord d’Haïti – Origines- Histoire- Souvenirs*. Liv sa a ki ta dwe se te yon *exercice de mémoire* vin yon *devoir de mémoire*. Li di li pa ta renmen wè li ale san li pa kite pou jenès fwi ekspéryans li epi konsève mo ak bèl ekspresyon kreyòl ki soti nan Nò peyi a. Se konsa, li ekri Kreyòl du Nord D’Haïti. Mwen ank li nou te toujou nan diskisyon sou siyifikasyon mo tankou yo di bonbon Makwe nan Sid, espesyalman Okay Difon, vil pa m. Aka100 nan fèy, Doukounou bò LILET Okay.... Yon ekzanp moun Okay di: kwoke rad la nan solèy Oubyen Pyè kwoke Janèt. Okay “Kwoke” vle di: anbrase kidonk Pyè pase men nan kou Janèt pou li anbrase li Maks di m bagay konsa pa ka pale devan moun Mapou. Nan nò, se betiz. Se pou di <<direspè ke je voutwa >>. Kwoke se betiz... Sa vle di lè yon moun ap pale Kreyòl devan Maks se pou kenbe bouch ou paske pou Maks Kreyòl nan Nò Timoun dwe respektè granmoun. Enben se lafyète Kapwaz. Awi li te fyè de zòn Nò peyi a!

Max Manigat ekri plizyè liv :

- 1) Haïtiana 1971-1975. Bibliographie Haïtienne,
- 2) Haïtiana 1991-1995. Bibliographie Haïtienne,
- 3) Haïtiana 1996-2000. Bibliographie Haïtienne,
- 4) *Leaders of Haiti 1804-2001. Historical Overview*,
- 5) *Mots créoles du Nord’Haïti. Origines – Histoire – Souvenirs*,
- 6) *Pataimouch. Etimoloji – Literati, Repòtaj*,
- 7) *Cap-Haïtien. Excursions dans le temps. Voix capoises de la diaspora*
- 8) *proverbes créoles du dix-neuvième siècle. Transcription moderne. Traduction française. Annotations. Koleksyon Koukouy konsevasyon*

- proverb nou yo ak konparezon ak pwoveb franse yo
- 9) *Sajès ayisyen. Ansyen pwovèb kreyòl. Enspirasyon pou lavi modèn.* Koleksyon Koukouy
 - 10- Le joyau de la cuisine capoise : la noix cajou
 - 11) *Pwovèb ayisyen – Pwovèb afriken. Pitit ak papa.* Koleksyon Koukouy

Anpil atik nan :

« *Ti Gout pa Ti Gout* » sous la direction de *Jan Mapou* (hebdomadaire Haïti en Marche). Koleksyon Koukouy

Revue trimestrielle REFLETS publiée à New York.

N ap kanpe la. Anpil koze anko ta ka di sou Max Manigat. Gen lot moun ki pral pale de ekspéryans yo ak Maks. Pou nou Maks s on Koukouy toutbon, Yon defansè lang ak kilti ayisyen an, Yon pwofesè nou merite sanktifye. Li fe devwa li. Li kite nou ak yon bon tas chokola onwa pou nou ka reprann fòs ak kouraj pou yon demen miyò. Mesi

LOMEYANS AKADEMISYEN YVON LAMOUR POU
SANBA BOB LAPIERRE
DR ANDRE LAPIERRE PARDO 22 MAS 2025

Zetwal Bob Lapierre (Doktè André Lapierre Pardo) sot file nan dat 12 mas 2025 lan avèk yon chay swasanntrèz rekòt-kafe sou tèt li, kote li pran devan epi noumenm nou dèye. Nou tou wè se nan dat 25 jen 1951 Sanba a te debake vin jwenn fanmi li epi rès moun yo li te vin kontre sou tè a.

Sanba Bob Lapierre kite dèye, manman li Monette Pardo, madanm li, Edmée Hyppolite-Pardo, plizyè pitit ak yon rado pitit-pitit. Kondoleyans nou pral jwenn latriye fanmi sila yo, tankou: Pardo, Lapierre, Hyppolite, Joseph ak Elie yo; fanmi Ambroise, Jasmin, Laforest, Simonis ak Heurtelou yo; fanmi Vilsaint, Fidelia, Moncaur, Mentor, ak Peters yo; fanmi William, Lamande, Palanquet, Lamarre ak Henry yo; fanmi Joseph, Zephyrin, Raymond, Dorelien, ak Montfleury yo; fanmi Bijoux, Leist, Baguidy, St. Cyr, Verdiner, Poux, Glaudin ak Thomas yo. Menm kondoleyans yo pral jwenn fanmi tout lòt moun pre ak moun lwen travèse **Tespyen** Bob Lapierre mete deyè nan kè yo. An nou nou deklare se lavi li n ap selebre nan lomeyans sa a.

Diplòm lisans nan SUNY Empire State College ak doktora nan Hawaii Pacific University a te vin ede li wose talan ak pasyon li pou atizay nan dimansyon ki pi avanse nèt, espesyalman nan domèn teyat ak literati. Sanba Bob Lapierre se yon Tespyen tou pi, yon dramatik nan tradisyon literè grèk antik yo. Ansyen Grèk yo te konn itilize estil tyespyan nan teyat ak domèn atistik. Jodi a, genyen Thespien Society, yon òganizasyon ki onore epi ki valorize zèw elèv ki etidye teyat. **Thespis** se yon mo grèk ki defini wòl ak zèw premye premye aktè oswa dramatik ki te gen abitud ak pratik soti nan mitan yon koral k ap fè pèfòmans pou li ale resite yon seri liy oswa estwòf nan yon lirik apa pou kont li. Konsa, se zafè **thespis** sa a ki vin kreye baz pou teyat nan tan modèn pou sosyete oksidental la. Se vèsè Sanba Bob Lapierre te vèsè nan modèl teyat sa a tout longè konsa ki fè li te toujou vle pou mwenmenm, espèkatè ak lòt dramatik parèy li te rele li Tespyan. Angwo, yon Tespyan se yon **AKTE** ki ekri ak lèt majiskil. Se Sanba a ki te fondatè epi prezidan *The Bob Lapierre Theater Company, Inc.*, non sèlman pou li te ka rapousib pasyon li, talan li, ekspètiz li, rev ak zèw li pou teyat, men tou, pou li te fòmè aktè konpetan. Simaye gou pou teyat total nan mitan popilasyon an te yonn nan sousi msye tou.

Reclaiming Choukoun / Reklame Choukoun, se yonn nan zèw wòpote Sanba Bob Lapierre te mete sou sèn. Li rive jwe pyès la plizyè fwa nan plizyè sal teyat avèk sal chajè foul ak espèkatè. Satifikasyon msye se rive li rive fè zèw orijinal la retounen nan patrimwàn ayisyen apre zèw sa a te prèske fin pèdi sous ak dekiprevyen ayisyen li. Chantèz Farah Juste ak mizisyen Frantz “Kiki” Wainwright remèt plizyè pèfòmans miskle nan jwe wòl Choukoun ak Osval kòm aktè ak aktris prensipal nan zèw la ki fè Bob Lapierre ba yo chak Meday Nimewo I Twoup Teyatral li a.

Sanba Bob Lapierre ekri plizyè istwa kout ak kantite anekdot ki simen soulajman nan toupizi ak eksplwatasyon ki nan tout rakwen sosyete nou an. Zèw li vin an angle, detwa an franse epi plizyè lòt an kreyòl. Makfabrik literè ak kout plim pesonèl li konn mennen nou sou dwat devan dilem pèsonaj li yo ap konfwote nan wòl sosyal yo. Senbòl ak kwayans bade nan chwa sèn yo ki yomenm charye tout moun, tout lide ak tout tranzaksyon ki trese ansanm latriye evènman ki depaman sou yon bò, epi ki gen fòskote, sou yon lot bò.

Dyalòg yo fè nou sonje santiman ak ekspéryans ki ap travèse pèsonaj yo pou yo vin donnen kòm souvni nan memwa ak ekzistans yo. Anfaz sou pil detay ak eksplikasyon, sansasyon kèk mo charye al plogé nan zorèy ak imajinasyon lektè oswa espèkatè a vin ogmante efè zèw la genyen nan kotòf li kòm kreyasyon literè, epitou kòm yon vizit frèch sou dimansyon istorik zèw orijinal la. Osval ak Choukoun nan veye chante youn bay lòt lè yo te fèk ap rerankontre se meveyè oralityè anba kout plim Sanba Bob Lapierre. Latriye machann ki nan dekò a, machann fresko a ki tounen entèmedyè ant Osval ak Choukoun nan, manman Choukoun limenm k ap layite akoutim ak atitud bèlmè k ap atire bofis pou pititfi yo.

Zèw la santre epi li sentre sou ki jan fenomèn sa yo ekziste nan bafon nouchak, nan fanmi yo, oswa nan sosyete a. Menm fenomenèn sa yo kontinye kanpe kin nan lavi nou. Chak grenn moun abitye ak yo, epi yo konn rekonèt lè yo parèt nan konpòtman ak pawòl kèk lòt moun. «*Kilès ou ye? Pouki w ap fè grimas avèk figi w konsa?*» (*Gaby Jòn ak Lougawou a* , 2012, p, 7 .)

Si nou pa santi se de yon zanmi, yon kamarad, yon kolèg mwen pèdi, ki gentan pran devan nan wout ekzistans, se paske zèw li kontinye rete vivan, epi nouvo lektè yo pral degiste yo avèk menm gou nou tòtòt li yo la.

Nanpwen tankou Sanba Bob Lapierre nan kodake ak layite esans ak kritikrit tèm patriyotik nan zèw li yo, kote ou kite lè li sou sèn pou l ap fonn elegans li nan fè bwodè nan pèfòmans yo, oswa fòmè aktè sou wòl li vle yo jwe, atis nan lòt domèn atistik ki pa te janmpanse yo ka vin aktè. Se yon trezò devwalè tankou yon boul dyaman jan li manbre epi abiye fraz li yo. Li byen plake mo li anndan ekspresyon ki remèt fraz djanmman klè.

Alèzte li ak sentaks lang lan parèt aklè nan analoji li itilize pou li dekri pèsonaj yo nan lye ak kontèks li enplike yo ladon yo a. Mesaj denonsyasyon nan tèks yo vibre anba metafò aktè a itilize pou li pentire kòz ak efè evènman yo, tankou nan «*Ti malere, travayè leta yo, k ap bourike pou kenbe vil la nan eta pwòprete, yo bezwen yon ti ogmantasyon salè.*» (*Senekè, 2002, p. 44*)

Lè l ap dekri kondisyon ki malouk oswa sikonstans ki dous, lektè a santi yon brek nan kalite konparezon yo. Laswenyaj estilistik la ede lektè a boule ak nenpòt nouvotè Sanba Bob Lapierre a vin foure nan dewoulman yon sèn, oswa nan deplòtman tout zengredyan literè nan tèks la. Depi anlagan, otè a ta grave nan atant lektè a tout laviwonn li pral fè nan rakontaj la.

«*Mwen renmen teyat, teyat se vi mwen,*» pawòl sa a vin plogé nan fèy memwa nou chak fwa nou parèt devan yon zèw otè a. Nou dakò jan li rive pataje pasyon l sa a avèk nou. Se pouse li pouse nou al chache jwenn imaj ak tras talan li sa a. Li rive chame nou epi oryante kiryozite nou pi plis toujou. Si nou ta vle redui enterè nou oswa kanpe apresyasyon nou, konfidans sa a tou ban nou bèl pingga manchlong.

Lèkti lòt dramatik ak aktè tankou Augusto Boal bay Sanba Bob Lapierre materye pou li kore fondasyon teyotik sou kozman teyat li. Kòmnan pou prepare estrad li pou estrad la remèt rezilta li ta vle pyès teyat li a remèt la? Dekò ak dekorasyon yo, detay nan son yo, rapò ak piblik la nan sal la. Laj pèsonaj yo, epòk yo, zèw yo, lang ak kilti a.

Piblik nèt ki poko konnen li ditou, piblik senpatizan, piblik difisil k ap ba li defi oswa gabèl. Ponktye dyalòg yo ak ti lodyans pou kenbe atansyon espèkatè ak lektè yo sou konpa dewoulman pèfòmans lan, tankou timoun k ap monte kap bay lapatè yo zikap pou kap yo kontinye dodomeya, pou kap yo pa fè bèk atè nan pèdi elan anlè a. Bob Lapierre renmen li piblik la leve kanpe pou apresye yon pyèsteyat. Atout longè karantèn a senkantèn ane ki nan djakout li kòm dramatik, powèt, aktè, womansye, metè-ansèn, militan, epi pwofesè lekòl li, se komik pou ou tandè msye k ap rakonte ou jan timidite lakay li konn anpare li, fè li santi mare anba laperèz lè li fek monte sou sèn pou l ale derape yon pòfòmans. «*Se lè m fini yon pèfòmans, pou wè tras timidite sa gonfle nan figi m, Yvon,*», Bob abitye di mwen. Menm nan kase dizon pou entèvyou nan radyo oswa nan televizyon, fòk li mansyone zafè timid li timid la. Rendant pou li te pase nan *Haiti Focus* nan Boston avèk Jako (Jacques Antoine) lan se denye fwa mwen sonje nou te teste degre timidite Sanba a.

Bob Lapierre se nèg ki chèlbè epi ki renmen fonksyone ak moun ki bwodè menm jan avèk li. Nan batay pou ekselans ak rigè, li konn pase pou yon megalomàn. Nou fè anpil diskisyon sou reyalyte sosyal ak klas sosyal lakay. Valorizasyon enpòtans, plas, kontribisyon lòt vil yo ak rès moun yo nan ekzistans peyi a te vin pi klè, gras ak foutitud diskisyon nou pa te janm sispann fè sou koze sa yo. Pèp ayisyen pa pi merite diktati ak toupizi pase pèp ameriken, dominiken oswa pyès lòt pèp. Jodi a, nou p ap bezwen devlope aspè sa yo nan rapò ak relasyon nou ak Sanba Bob Lapierre. Sansiblité pou fanmi li, zanmi li, epi pou pwofesyon li te rete yon lesepare kach nan motivasyon li epi entèraksyon li ak lòt moun. Toujou toujou, msye devan, nou dèye, paske nou yonn pa vin fè matyè sale sou tè sa a.

lanmou ak travay Sanba Bob Lapierre pou kilti ak idantite li tounen epis ak nouriti nan pyèsteyat, powèm ak istwa kout-kout li yo. Jan li ponyen epi simen semans idantite ayisyen li nan zèw li. Tout diskisyon, deba, ak aksyon pou li reklame choukoun fe choukoun retounen nan patrimwàn nou. Anvan sa a, se te yon atis nwa-ameriken Harry Belafonte ki te fin rann zèw sa a popilè nan milye ameriken, lòt zantiy yo ak nan rès monn lan. Belafonte te rele mizik la «*Yellow Bird*» nan lang angle. Kote menm popilarite sa a te lakòz pifò moun pa te konnen se kilti ayisyen ki kreye zèw la depi toutan. Travay Sanba Bob Lapierre fè Choukoun retounen nan plas li lakay.

Anpil boukantay lide, pil dakò ak pa dakò pou mwenmenm ak Sanba Bob Lapierre te ka rive fè diferans ant fèt epi leve nan yon milye kèlkonk pa chita sou do okenn endividu. Pyès moun pa janm chwazi kote yo fèt, kilès ki papa li, mannan li, oswa lè, jou ak dat li fèt. Anpil rale menmen kase sou reyalyte lakay Ayiti ki konn lakòz tèt moun leve nan tèt milye pa rapò ak yon lòt.

Sanba Bob Lapierre ap detire sevò li pou li detaye tout zouti li te bati pou vansman istwa, lang, ak kilti nou. Kote li ye konnya, nou vle kwè li pral chache jwenn Desalin, Grann Gitong ak lòt ayisyen konsekan yo pou yo veye plis limyè sou solisyon pwoblematik ayisyen an pou nou kapab kontinye batay yo ak travay la.

Pou mwen fini, Sanba Bob Lapierre te toujou reve pou zèw li kontinye bati espwa ak djanmte lakay lektè li ansanm ak jenerasyon jennfi ak jengnonn k ap leve yo. Konsa, nou va vin genyen yon sosyete tou limen ki pare pou konfwonte tout aspè nan ekzistans nou kòm nasyon.

Pou mwen fini nèt fwa sa a, kite mwen repete apre granmoun yo: «*Sanba Bob Lapierre*» devan, noumenm nou dèye, paske nou yonn pa vin fè matyè sale sou tè sa a.